

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Unggal panalungtikan tangtu ngagunakeun pamarekan jeung métode. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif. Moléong (dina Arikunto, 2013, kc.22) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Ieu pamarekan dihartikeun salaku pamarekan anu ngagunakeun prosedur analisis. Ku kituna, hal anu ditalungtikna téh ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana.

Patalina jeung pamarekan kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2013, kc.53) nétélakeun yén métode déskriptif analisis nyaéta métode nu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, satuluyna kana tahap nganalisis. Jadi, saméméh nganalisis, hal nu kudu dilakukeun dina métode déskriptif analisis téh kudu ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analisis téh nyaéta métode nu dilaksanakeun pikeun nimukeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.


Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur sémiotik nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna. Satuluyna, hasil analisis unsur sémiotik dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan téh mangrupa rancangan panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik. Numutkeun Narbuko jeung Abu A. (2009, kc.57) léngkah panalungtikan nyaéta runtuyan prosés panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikanna. Anapon rarancang ieu panalungtikan nyaéta ébréh dina bagan 3.1.

Bagan 3.1

Desain panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data


Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna. Anapon idéntitas novélna nyaéta ieu di handap.

Judul : *Déng*
 Pangarang : Godi Suwarna
 Medal : - Citakan ka-1 taun 2009
 - Citakan ka-2 taun 2016
 Penerbit : - Puri Pustaka
 - Geger Sunten
 Kandel Buku : 144 kaca

Nilik kana data di luhur, katitén yén sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta keretas atawa dokumén (*paper*). Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé dideudeulan ku buku-buku sumber séjénna anu ngarojong minangka sumber data séjénna.

3.2.1 Ringkesan Novél *Déng*

Gambar 3.1
Jilid Novél *Déng*



De
UL
Ma
Un

GO
edu

Novél *Déng* karangan Godi Suwarna sacara gurat badagna mah nyaritakeun kaayaan hirup kumbuhna masarakat pasisian di kabupatén Ciamis. Dina eusi caritana, éta novél téh kabagi jadi lima bab.

Sacara gembler, novél *Déng* karangan Godi Suwarna téh eusina nyaritakeun ngeunaan pasualan sosial ogé pulitik anu ngawarnaan kahirupan jaman harita nyaéta dina jaman Orde Baru. Ari nu jadi tokoh utamana nyaéta Si Ujang anu hirup di sisi hiji bendungan badag jeung indungna, lanceukna, ogé uyutna.

Tokoh Ujang dina ieu novél boga dua carita kahirupan anu béda nyaéta kahirupan nyata jeung kahirupan impian anu dipatalikeun jeung carita *Sangkuriang*. Dina kahirupan nyata tokoh Ujang minangka tokoh rumaja anu masih kénéh polos tur nurut ka kolot, tapi dina kahirupan impianna tokoh Ujang jadi *Sangkuriang* anu mikadeudeuh ka Nyai Putri anu geulisna kawanti-wanti. Éta tokoh Nyai Putri dina carita hayalan tokoh Ujang téh diibaratkeun tokoh anu mirupa indungna sorangan nyaéta Si Ema. Ari tokoh *Si Tumang* dina carita hayalan Si Ujang diibaratkeun tokoh Pa Yuda dina kahirupan nyata.

Sanajan tokoh Ujang miboga karakter nu béda jeung tokoh séjénna, tapi éta tokoh miboga kaistiméwaan anu henteu dipiboga ku tokoh séjén dina carita novél *Déng*. Kaistiméwaanna nyaéta tokoh Ujang bisa maca kajadian anu bakal karandapan boh ku dirina boh ku kulawargana. Lian ti éta, dina carita impianana tokoh Ujang sosobatan jeung sasatoan, kaasup ingon-ingonna dina kahirupan nyata novél *Déng*.

Pasualan-pasualan sosial-pulitik dina carita kahirupan novél *Déng*, ku pangarang pohara ditémbrakkeunana. Utamana pasualan anu patalina jeung hak-hak masarakat anu dicokot sangeunahna ku pamaréntah tanpa aya rasa silih asih jeung rasa kamanusaan. Patalina jeung pasualan sosial-pulitik, dina carita novél *Déng* aya salah sahiji tokoh anu miboga karakter wani jeung buméla kana hak rahayat leutik. Tokoh anu dimaksud nyaéta tokoh Asép.

Tokoh Asép dina carita novél *Déng*, pohara buméla kana hak-hak rahayat leutik anu mindeng disapirakeun jeung dibobodo ku pamaréntah kaasup

kulawarga manéhna. Ngeunteung tina kajadian bapa jeung akina anu tiwas waktu merjuangkeun hak tanah warisan ti karuhunna, tokoh Asép beuki wani jeung yakin bisa merjuangkeun hakna tur meunang parurugi ti pamaréntah. Sanajan tokoh Asép pohara buméla dina merjuangkeun hak rahayat leutik, tapi tokoh Asép teu kungsi ngungkab rusiah indungna anu teu satia ka bapana. Indungna nu salingkuh jeung jalma anu geus ngabalukarkeun ruksakna kahirupan rahayat di éta tempat. Tokoh nu dimaksud téh nyaéta tokoh Pa Yuda.

Hiji waktu, tokoh Asép jeung masarakat séjénna indit ka kota pikeun ngayakeun démonstrasi ngaliwatan aksi daméy. Minangkana mah rék merjuangkeun hakna anu can kabayar ku pamaréntah. Saméméh indit, tokoh Asep kungsi ngajak nu jadi adina sangkan ilubiung kana merjuangkeun hakna. Ari nu jadi indungna, teu ngaijina tokoh Ujang ilubiung kana aksi démonstrasi. Lian ti éta, tokoh Ujang ogé keur ripuh néangan Si Renggé ingon-ingonna anu leungit. Antukna, tokoh Asép indit ka kota nyorangan.

Isukna kasampak Si Renggé nu geus teu walakaya aya di sisi talaga. Teu kocap deui, Si Renggé tuluy dibawa ka kandangna, diparaban supaya cageur deui. Ari tokoh Asép jeung masarakat séjén poé harita geus aya di kota dina raraga démonstrasi. Dina prak-prakanana, éta démonstrasi téh nimbulkeun pacogrégan nepi ka kaayaan jadi riweuh jeung pabaliut. Antukna, réa nu cilaka nepi ka aya nu tilar dunya, kaasup tokoh Asép. Tokoh Asép dina carita novél *Déng* nasibna méh sarua jeung bapana anu tiwas dina merjuangkeun hakna salaku rahayat leutik.

Waktu meunang béja tokoh Asép tilar dunya, teu lila Si Renggé ingon-ingonna Si Ujang ogé paéh. Saprak harita, tokoh Ujang beuki réa ngalamun jeung pikiranna beuki malaweung. Tokoh Ujut dina ieu carita mindeng pisan mapagahan ka tokoh Ujang kana kahadéan. Lian ti éta, tokoh nu satia maturan lalampahan Si Ujang nyaéta tokoh Nyi Ratih. Ahir carita tokoh Ujang dina carita nyata jeung impian téh jadi jalma anu wani ngalawan ka tokoh Pa Yuda minangka ngébréhkeun hawa kakeuheulna kana paripolah tokoh Pa Yuda anu goréng. Kalakuan anu geus dijieun ku tokoh Pa Yuda téh, ngabalukarkeun tokoh Ujang jauh jeung indungna tur maotna tokoh Asép, bapa, jeung akina.

3.2.2 Pangarang

Godi Suwarna, lahir di Tasikmalaya taun 1956. Ari ayeuna, Godi netep di Ciamis. Godi salah sahiji pangarang Sunda anu kawéntar ku gayana dina ngulinkeun basa kalayan parigel. Karya-karyana nyaéta *Jagat Alit* (1979), *Murang-Maring* (1980), *Surat-Surat Kaliwat* (1982), *Blues Kéré Lauk* (1992), *Serat Sarwasatwa* (1995), *Sajak Dongéng Si Ujang* (1998), *Jiwalupat* (2007), *Sandékala* (2007), jeung *Déng* (2009). Hasil karyana ogé sababaraha kali dilélér hadiah sastra, ti Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Paguyuban Pasundan, Majalah *Manglé*, Hadiah Sastra Rancagé, jrrd. Ari karyana anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta novél *Déng*. Éta novél ogé kungsi dilélér hadiah sastra Oeton Moehetar. Salian ti ngarang, anjeunna ogé resep maén sandiwara jeung maca sajak.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan. Jadi, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan talaah pustaka anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara maca buku sumber ngeunaan novél *Déng* karangan Godi Suwarna. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 2) nganalisis data, ku cara nyirian unsur-unsur sémiotik nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 3) nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah jeung leuwih alus hasilna;
- 4) nyieun bahan jeung instrumén évaluasi pangajaran tina hasil panalungtikan;

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Data mangrupa bahan nu kalintang pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah dina panalungtikan. Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.262). Instrumén digunakeun sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Minangka instrumén kartu data gunana pikeun ngumpulkeun data anu dianalisis jeung mindahkeun data anu geus aya. Éta kartu data téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data analisis unsur sémiotik anu aya dina novél *Déng*, nu satuluyna dilarapkeun pikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di sakola. Anapon, kartu data anu digunakeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan, ébréh dina tabél: (1) 3.1; (2) 3.2; (3) 3.3; (4) 3.4; jeung bagan 3.2.

Tabél 3.1

Kartu Data Sémiotik – Ikon

No.	Kode	Data	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.2

Kartu Data Sémiotik – Indéks

No.	Kode	Data	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Debbi Puspita Sari, 2017

ULIKAN SÉMIOTIK DINA NOVÉL DÉNG KARANGAN GODI SUWARNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3
Kartu Data Sémiotik – Simbol

No.	Kode	Data	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Contona: 1) Kode DG/I/15/1/1
2) Kode DG/I/16/2/9

Katerangan:

DG : singgetan sumber data

I : bab eusi carita

15/16 : kaca

1/2 : paragraf

1/9 : kalimah

Lian ti kartu data minangka instruménna, instrumén séjénna nyaéta céklis atawa daftar céntang anu digunakeun dina ngalarapkeun hasil analisis anu dipatalikeun jeung bahan ajar. Daftar céntangna saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Daftar Céntang Analisis Bahan Ajar

No.	Kriteria Bahan Milih Bahan Ajar	Novél <i>Déng</i>		Katerangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Tujuan nu hayang dihontal;			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa;			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna;			
4	Aya gunana pikeun ngawasa			

Debbi Puspita Sari, 2017

ULIKAN SÉMIOTIK DINA NOVÉL DÉNG KARANGAN GODI SUWARNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	hiji paélmuan;			
5	Luyu jeung Kabutuh Katut Minat Siswa.			

Bagan 3.2
Kartu Data Interpretasi

<p>Interpretasi</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

3.5 Analisis Data

Sabada hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah séjénna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan analisis data. Analisis data nyaéta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan. Numutkeun Arikunto (2013, kc.281) ngolah data téh nyaéta téhnik ngolah data anu dibeunangkeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus aturan-aturan anu saluyu jeung panalungtikan atawa desain nu digunakeun.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh unsur sémiotik anu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna. Éta data diolah ngaliwatan téhnik analisis jeung interpretasi kana sumber data. Patalina jeung éta hal, saupama data geus kakumpul, léngkah satulunya anu kudu dilakukeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) niténan deui data anu geus kakumpul;
- 2) nyieun papasingan data;
- 3) mindahkeun sakabéh unsur sémiotik kana wangun tabél atawa instrumén;
- 4) nganalisis unsur sémiotik nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna;

Debbi Puspita Sari, 2017

ULIKAN SÉMIOTIK DINA NOVÉL DÉNG KARANGAN GODI SUWARNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) ngadéskripsikeun unsur sémiotik nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 6) nafsirkeun jeung méré interprétasi kana sakabéh data anu kapaluruh dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 7) nganalisis hasil analisis unsur sémiotik anu dijadikeun alternative bahan pangajaran;
- 8) nafsirkuen jeung méré interprétasi hasil analisis kana bahan pangajaran;
- 9) nganalisis bahan pangajaran jeung évaluasi pangajaran ngeunaan novél *Déng*;
- 10) nyieun pedaran tina hasil analisis;
- 11) nyieun kacindekan ngeunaan unsur sémiotik jeung bahan pangajaran.